



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

0.99 tès pou COVID-19 yè yo te pozitif; 37 jou dafile avèk to enfeksyon yo anba 1 pousan

6 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 1,543 Etablisman; Obsève 10 Etablisman ki Pa Konfòm

Konfime 725 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 444,365; gen nouvo ka nan 42 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. To enfeksyon 0.99 pousan yè yo te make 37yèm jou dafile kote to a te rete anba en (1) pousan. Kantite nouvo ka, pousantaj tès ki te pozitif ansanm ak anpil lòt pwen done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Chif nou yo kontinye reflekte travay Nouyòkè yo, ki te finalman aplati koub la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan 37 jou, to enfeksyon nou an te rete anba en (1) pousan, sa ki enkwayab lè ou repanse ak kote nou te ye nan prentan an. Kòm nou ap antre nan otòn lan ak sezon grip la ki devan nou an, nou bezwen pou tout moun kontinye pote mask, kenbe distans sosyal ak lave men yo, epi sitou, rete New York solid (New York tough)."

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te visite 1,543 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 10 etablisman ki pa te an konfòm avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Bronx** - 4
- **Brooklyn**- 1
- **Queens** - 1
- **Suffolk** - 4

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 464 (-3)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 57
- **Lopital Konte yo** - 33
- **Kantite ICU** - 131 (+4)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 54 (+3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 75,767 (+60)
- **Kantite Lanmò** - 6
- **Kantite Lanmò Total** - 25,390

Sou 72,668 tès pozitif yo te repòte nan Eta New York yè yo, 725, oswa 0.99 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Capital Region	1.2%	1.0%	1.0%
Central New York	1.3%	0.7%	2.0%
Finger Lakes	1.1%	0.9%	0.6%
Long Island	1.3%	1.4%	1.2%
Mid-Hudson	1.2%	0.9%	1.2%
Mohawk Valley	1.0%	0.8%	0.4%
New York City	0.7%	0.7%	0.8%
North Country	0.2%	0.1%	0.2%
Southern Tier	0.7%	0.4%	0.4%
Western New York	1.5%	1.5%	2.0%

Gouvènè a te konfime tou 725 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 444,365 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 444,365 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,915	19
Allegany	94	0
Broome	1,418	8
Cattaraugus	241	2
Cayuga	190	3
Chautauqua	515	8
Chemung	251	4
Chenango	245	0
Clinton	153	1
Columbia	577	0
Cortland	128	9
Delaware	128	0

Dutchess	4,986	2
Erie	10,637	70
Essex	151	0
Franklin	63	2
Fulton	318	2
Genesee	307	0
Greene	318	1
Hamilton	14	0
Herkimer	313	1
Jefferson	157	0
Lewis	50	0
Livingston	196	2
Madison	478	0
Monroe	5,727	15
Montgomery	218	0
Nassau	45,711	78
Niagara	1,685	7
NYC	237,802	244
Oneida	2,347	6
Onondaga	4,081	21
Ontario	439	4
Orange	11,635	24
Orleans	321	0
Oswego	388	26
Otsego	314	2
Putnam	1,557	3
Rensselaer	879	3
Rockland	14,547	17
Saratoga	961	6
Schenectady	1,356	5
Schoharie	78	1
Schuyler	32	0
Seneca	104	0
St. Lawrence	304	0
Steuben	326	0
Suffolk	45,683	68
Sullivan	1,553	4
Tioga	219	0
Tompkins	381	6
Ulster	2,218	3

Warren	348	0
Washington	284	1
Wayne	303	2
Westchester	37,531	45
Wyoming	128	0
Yates	62	0

Yè, te gen 6 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,390. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Bronx	2
Essex	1
Onondaga	1
Orange	1
Suffolk	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)